

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan akrilamid. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsonel ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

**REZIME: Popilasyon jeneral la ekspoze nan akrilamid lè yo manje sa ki kontamine. Akrilamid afekte sistèm nève a ak sistèm repwodiksyon an. Yo te jwenn akrilamid nan omwen 3 sou 1,699 chantye nan Lis ki Gen Priorite Nasyonal (National Priorities List) Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.**

## Kisa akrilamid ye?

Akrilamid se yon solid san koulè, san odè, ki kristalen epi ki kapab reyaji yon fason vyolan lè li fonn. Lè li chofe, lafimen epè ka degaje.

Yo itilize nan akrilamid pou fè poli-akrilamid, yo itilize sitou nan tretman dechaj dlo ize nan izin tretman dlo ak dechè endistriyel.

Answit, yo itilize akrilamid ak poli-akrilamid nan pwodiksyon tenti ak sibstans chimik òganik, vè-kontak, pwodui kosmetik ak pwodui twalèt, twal pou presaj pèmanan, pwodiksyon papyè ak twal, pwodiksyon pat-a-papyè ak papyè, tretman minrè, rafinri sik, epi kòm yon ajan mastikaj chimik, ak estabilizatè sòl pou konstriksyon tinèl, egou, pui ak rezèvwa.

Akrilamid fòme nan manje ki gen anpil idrat kabòn lè yo fri, griye oswa kwit nan fou.

## Kisa k ap pase akrilamid lè li antre nan anviwònman an?

- Li ka antre nan dlo pou bwè pandan metòd tretman dlo a.
- Anjeneral, yo pa jwenn li nan lè a.
- Bakteri ki nan tè a ak dlo dekonpoze li vit.
- Yo itilize idwoliz pou retire li nan tè.
- Yo pa prevwa li byo-akimile nan anviwònman an.

## Kijan mwen ta ka ekspoze nan akrilamid?

- Si ou manje sa ki gen anpil idrat kabòn ki kwit nan tanperati ki wo.
- Si ou respire lafimen tabak dezyèm men.
- Dlo pou bwè nan pui toupre izin plastik oswa izin tenti.
- Si w ap travay nan pwodiksyon oswa nan itilizasyon akrilamid ak nan pwodui ki gen akrilamid (ou ka ekspoze ladan si po kò ou pran kontak avèk li).

## Kijan akrilamid kapab afekte sante mwen?

Sib prensipal toksisite akrilamid se sistèm nève ak sistèm repwodiksyon.

Yo te rapòte efè sou sistèm nève a tankou feblès miskilè, pèt sansasyon nan men ak pye, transpirasyon, enstabilite, ak maladrès sou kèk moun ki te travay nan akrilamid. Men, pifò moun pa ekspoze nan nivo akrilamid ki wo ase pou lakòz efè sa yo.

Akrilamid redui posiblite pou mal bèt yo fè pitit epitou li kapab lakòz efè sanblab sou moun, men pa pètèt nan nivo pifò moun ekspoze.

## Kijan akrilamid kapab lakòz kansè?

Akrilamid lakòz anpil kalite kansè sou bèt yo. Pa gen done konvnan ki disponib.

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)], Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)], ak EPA detèmine akrilamid ka lakòz kansè sou imen, dapre ase prèv ki montre kansè sou bèt yo.

# Akrilamid

CAS # 79-06-1

## Kijan akrilamid kapab afekte timoun?

Yo prevwa akrilamid ap afekte timoun nan menm manyè ak adilt.

Akrilamid kapab travèse plasanta a, epitou li kapab lakòz timoun ki poko fèt yo ekspoze ladan. Yo te detekte li tou nan lèt tete.

Sou bèt ki te ekspoze nan akrilamid pandan yo te plenn, pwojeniti a te diminye gwochè kò a, li te diminye repons rapid yo, epitou li te diminye nivo kèk sibstans chimik ki konsène nan transmisyon siyal sèvo a.

## Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan akrilamid?

- Pa manje anpil sa ki gen idrat kabòn ki kwit nan tanperati ki wo (pa egzanp, pòm detè fri).
- Pa twò kwit manje ki gen anpil idrat kabòn.
- Akrilamid se yon eleman lafimen tabak. Pa rete nan lafimen ki nan espas fèmèn tankou andedan kay oswa nan vwati pou pa kite timoun yo ak lòt fanmi yo ekspoze ladan twòp.

## Èske gen yon tèst medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan akrilamid?

Yo kapab mezire akrilamid ak pwodui dekonpozisyon li nan san ak pipi. Mezi sa yo ka itil nan estimasyon kantite akrilamid ki antre nan kò a.

## Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA detèmine lè yon timoun ekspoze nan akrilamid nan dlo pou bwè nan konsantrasyon 1.5 miligram pou chak lit (1.5 mg/L) pandan yon jou oswa nan konsantrasyon 0.3 miligram pou chak lit (0.3 mg/L) pandan 10 jou yo pa prevwa sa ap gen nenpòt efè segondè sou timoun nan.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon limit legal 0.3 miligram pou chak mètr kib lè ki nan espas travay (3 mg/m<sup>3</sup>) pou akrilamid nan lè ki nan espas travay pou yon jounen travay 8 èdtan, ak yon semèn travay 40 èdtan.

## Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2012. Toxicological Profile for Acrylamide. Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

## Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte departman sante kominotè oswa departman sante eta a oswa departman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.